



Department of Health

ANDREW M. CUOMO
Gouvènè

HOWARD A. ZUCKER, M.D., J.D.
Komisè

LISA J. PINO, M.A., J.D.
Komisè Egzekitif Adjwen

Enstriksyon pou Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Eta New York la

An vigè nan dat 15 fevriye 2021

Objektif ak kontèks:

Gen kantite limite vaksen COVID-19 ki disponib pou Pwogram Vaksinasyon COVID-19 (COVID-19 Vaccination Program) New York la. Kantite vaksen eta a resevwa baze sou repatisyon gouvènman federal la fè pou New York. Apre sa Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) pran desizyon sou kijan l ap repati pa eta a ant founisè ak antite ki enskri yo pou bay vaksen an. [Dekrè Egzekitif \(Executive Order\) 202.91](#) la etabli lòd priyorite obligatwa pou vaksinasyon pa kalite founisè tou.

Lopital yo dwe kontinye bay travayè lasante ki pa resevwa vaksen yo priyorite. Lopital yo pral resevwa vaksen jiska finisman 9yèm Semèn lan (14 fevriye 2021) pou vaksinen TOUT anplwaye lopital ki kalifye yo epi ki vle vaksinasyon kounye a, apre tan sa tout alokasyon lopital la resevwa ap ouvè pou tout popilasyon ki kalifye pou vaksinasyon nan lopital yo, avèk priyorite pou tout moun Faz 1A yo ki pa anplwaye nan lopital la, ak popilasyon etablisman swen kolektif Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) yo, epi apre sa moun ki gen laj omwen 65 ane. Anplwaye lopital ki kalifye yo e ki pa resevwa vaksen anvan finisman 9yèm Semèn nan (paregzanp, nouvo anplwaye ki kalifye, anplwaye ki chanje lide) te mèt pran vaksen toujou nan pa vaksen sa a.

Famasi vant an detay yo oswa rezo doktè yo oswa kabinè medikal yo, lè yo fin vaksinen pèsònèl pa yo ki wè ak pasyan, dwe vaksinen moun ki gen laj omwen 65 an sèlman.

Depatman Sante Lokal yo dwe kontinye priyorize popilasyon travayè esansyèl ki nan faz 1B an ak rezidan ak manm pèsònèl etablisman swen kolektif Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman an (OPWDD) ap jere oswa rekonèt. Moun ki kalifye nan semèn 10 yo, ki gen ladan moun ki genyen pwoblèm sante kwonik yo ak maladi ki akonpanye yo, kalifye kounye pou vaksinasyon nan sit vaksinasyon an mas (mass vaccination sites, MVS) Eta a ap opere yo, ak lòt pozisyon yo jan depatman sante lokal (local health department, LHD) la dezinye sa. LHD yo kapab travay avèk founisè swen sante ki nan konte yo a pou deside ki kote moun ki gen pwoblèm sante kwonik yo ak maladi ki akonpanye yo kapab pran vaksen an. Gen yon lis pwoblèm sante kwonik ak maladi ki akonpaye yo ki kalifye nan Apendis A.

New York egzije egalite sosyal ak distribisyon san patipri pami gwoup priyorite yo ki kalifye kounye a pou garanti tretman jis ak repatisyon pwopòsyonèl ni pa gwoup kalifikasyon ni pa rejyon.

Tout founisè vaksen yo nan Eta New York, gen ladan yo sila yo ki sitiye nan Vil New York la ak sila yo ki ap patisipe nan pwogram federal yo, dwe swiv enstriksyon Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) sou priyorite vaksen an, epitou nenpòt ki lòt direktiv ki gen pou wè ak sa.

Moun ki kalifye:

Apendis A fè rezime popilasyon yo ki kalifye pou pran vaksen an.

Responsabilite founisè vaksen yo:

- Yo dwe bay vaksen COVID-19 la dapre plan priyorite NYSDOH la tabli an. Vaksen an pa kapab sèvi pou ankenn lòt popilasyon ni gwoup apa sa ki nan lis la kòm kalifye nan enstriksyon NYSDOH yo.
- Tout enstalasyon, antite, ak kabinè medikal k ap resevwa vaksen gen obligasyon pou yo sèvi ak tout dòz yo rapidman, dapre politik "Sèvi avè l oswa Pèdi l" (Use it or Lose it) New York la ak [Dekrè Egzekitif 202.88](#). Si gen vaksen yo poko bay sèt jou apre yo fin resevwa yo, yo gen dwa wetè dòz ki rete yo, epi antite yo gen dwa pa resevwa dòz vaksen pi devan.
- Tout founisè oswa antite ki pa sou chimen bay popilasyon ki kalifye yo tout dòz yo resevwa yo nan semèn yo resevwa yo a, dwe fè Eta a konn sa pou pita nan senkyèm jou apre yo resevwa yo a pou, nan CovidVaccineNotUsed@health.ny.gov, konfòmman ak [Dekrè Egzekitif 202.88](#).
- Yo pa kapab redistribye vaksen an bay ni lòt enstalasyon, ni lòt founisè, ni lòt kabinè medikal, ni lòt depatman san NYSDOH pa bay apwobasyon ak konsantman alavans. Enstalasyon ki bezwen redistribye vaksen dwe depoze yon [fòmilè redistribisyon ranpli](#) nan COVIDVaccineRedistribution@health.ny.gov epi yo pa dwe redistribye toutotan yo pa gen apwobasyon NYSDOH.
- Yon founisè gendwa transpòte vaksen nan yon lòt pozisyon nan objektif fè yon klinik vaksinasyon pandan yon tan limite san apwobasyon alavans NYSDOH a; si founisè a ap bay dòz yo epi il ap rapòte dòz li bay yo kont pwòp envantè li a nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York la (New York State Immunization Information System, NYSIIS), li dwe transpòte tounen tout vaksen ki pa sèvi yo nan premye pozisyon an lè klinik la fini jou sa a. Founisè a dwe genyen posesyon ak kontwòl vaksen an pandan tout dire transpò a ak pandan li ap bay li a.
- Moun k ap bay vaksen yo dwe gen priyorite nan resevwa vaksen an kou gen dòz ki disponib.
- Tout founisè yo dwe kenbe chak jou yon lis moun kalifye ki sou "estennbay" pou fè yo konnen lè gen posibilite pran randevou pou pran vaksen nan dènye moman. Kou founisè yo konnen gen plis dòz pase moun ki pou pran vaksen, yo dwe rele moun kalifye ki sou "estennbay" yo, oswa yo dwe pran lòt dispozisyon pou mennen plis moun ki kalifye nan enstalasyon an oswa nan klinik la anvan peryòd ki akseptab pou itilizasyon an ekspire. Lis estennbay yo dwe gen ladan yo moun ki kalifye pou premye ak dezyèm dòz. (Konsilte paj 3 pou plis enstriksyon.)
- Founisè yo pa dwe ranpli alavans plis sereng pase sa yo kapab itilize nan inèdtan. Sereng ki tou plen yo dwe sèvi nan 6 èdtan apre yo fin plen yo. Si yo plen twòp sereng sa gen dwa lakòz gaspiyaj si yon klinik dwe sispann bonè oswa si gen twòp moun ki pa pase evalyasyon medikal la oswa ki pa vini nan randevou yo a. Tanpri gade [Enstriksyon pou Itilizasyon Dòz Vaksen COVID-19 ki Rete nan Finisman Jounen an oswa Klinik pou Founisè k ap Patisipe nan Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Eta New York la](#) (Guidance on Use of COVID-19 Vaccine Doses Remaining at End of Day or Clinic for Providers Participating in the New York State COVID-19 Vaccination Program) pou plis enfòmasyon.
- Tout enstalasyon oswa kabinè medikal yo gen obligasyon pou yo suiv kiyès ki pran vaksen an pami pèsònèl yo e yo dwe bay NYSDOH done sou moun sa yo ki pran vaksen an nan kesyonnnè Sistèm Done sou Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS) oswa nan kad Zouti NYS la pou Suivi Vaksen an.

Chak enstalasyon ki resevwa vaksen:

- **DWE verifiye pou chak moun yo vaksinen:**
 - Moun lan bay prèv li ranpli [Fòmilè Vaksen COVID-19 NYS](#) la ak deklarasyon an,

- Moun nan bay prè li kalifye, epi
- Founisè a rapòte tout enfòmasyon enpòtan yo nan Zouti pou Suivi Vaksen NYS la (NYS Vaccine Tracker) ak nan NYSIIS/CIR, sa ki aplikab la.
- Dwe konnen ki kantite vaksen li pral resevwa.
- Dwe sèvi ak tout dòz vaksen yo nan semèn li resevwa yo a gras a deplwaman rapid yo nan popilasyon ki kalifye yo.
- Dwe priorize kiyès nan manm pèsònèl pa li an k ap resevwa vaksinasyon an premye (si ou se yon nouvo founisè).
- Dwe priorize vaksinasyon moun k ap bay vaksen an (si ou se yon nouvo founisè).
- Gen dwa gen pou bay lòt popilasyon ki gen priorite randevou epi fè aranjman pou ba yo vaksen andedan enstalasyon an.
- Yo dwe rapòte tout vaksen yo bay yo, sou Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York la (New York State Immunization Information System, NYSIIS) oswa nan Rejis Vaksinasyon pou Tout Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR) nan Vil New York, nan 24 èdtan apre yo fin bay vaksen an.
- Moun k ap bay vaksen yo **dwe rapòte tou lòt enfòmasyon sou tout moun yo vaksinen chak jou yo** sou [Zouti pou Suivi Vaksen COVID-19 la \(COVID-19 Vaccine Tracker\)](#).

Vaksinasyon moun ki soti deyò enstalasyon oswa kabinè w lan:

NYSDOH la pral kominike klè avèk tout enstalasyon oswa kabinè medikal yo sou repatisyon vaksen yo (paregzanp si yon sèten pa vaksen se nan objektif vaksinen moun ki soti andeyò enstalasyon oswa kabinè medikal la). Si ou pa fin si ki popilasyon ki gen priorite pou yon pa vaksen, ou dwe voye yon imèl bay NYSDOH la nan COVID19Vaccine@health.ny.gov. Tout founisè yo dwe asire ke tout moun y ap vaksinen yo kalifye pou resevwa vaksen an jan [Dekrè Egzekitif 202.86](#) ak enstriksyon sa a egzije li a.

Dezyèm dòz vaksen COVID-19 la:

Yo dwe bay dezyèm dòz la 21 jou (vaksen Pfizer-BioNTech la) oswa 28 jou (vaksen Moderna a) apre premye dòz la. Pou fasilite sa, tout founisè yo **dwe** bay randevou pou dezyèm dòz la pou moun k ap pran vaksen yo **nan moman y ap bay premye dòz la**. Moun ki pran vaksen an dwe retounen nan menm kote a pou pran dezyèm dòz la, sòf si NYSDOH apwouve yon lòt opsyon poutèt sikonstans ateyan. Moun yo dwe pran de dòz menm vaksen an (paregzanp, ou dwe pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech la oswa de dòz vaksen Moderna a). Ou **pa** kapab chanje youn pou lòt. Tanpri konsilte [Enstriksyon pou Bay Dezyèm Dòz Vaksen COVID-19 la](#) (Guidance for Administration of the Second Dose of COVID-19 Vaccine) la pou plis enfòmasyon sou kijan pou bay dezyèm dòz la.

Pa rezève vaksen ki pou premye dòz pou dezyèm dòz la. Y ap voye yon repatisyon dezyèm dòz nan enstalasyon w lan atan pou bay dezyèm dòz la nan entèval obligatwa a. **Ou dwe rezève vaksen ki nan dezyèm kagezon an pou dezyèm dòz yo.** N ap fè enstalasyon yo konnen lè n ap voye kagezon dezyèm dòz la ak kantite k ap gen ladan pou yo kapab separe ak premye dòz yo nan envantè w lan.

Dòz anplis Pfizer-BioNTech ak Moderna:

Poban yo pou ni Pfizer-BioNTech ni Moderna gen dwa gen dòz vaksen anplis. Moun k ap bay vaksen yo gen dwa itilize nenpòt vaksen anplis yo kapab fasilman rale nan yon sereng pou satisfè egzijans sou dòz yo. Yo **PA KAPAB** konbine likid vaksen anplis ki soti nan plis pase yon sèl poban pou fè dòz anplis. Sa enpòtan anpil poutèt vaksen an pa gen aditif konsèvasyon. Antre tout vaksen ou bay yo nan NYSIIS/CIR, sa gen ladan tout vaksen anplis ou bay, sepandan pa modifiye envantè a poutèt ou panse ap gen dòz anplis. Pou plis enfòmasyon tanpri konsilte enstriksyon [Pfizer-BioNTech](#) yo ak enstriksyon [Moderna](#) yo pou dòz anplis yo.

Dòz vaksen COVID-19 ki rete yo:

Tout founisè vaksen yo dwe planifye an konsekans pou yo kapab bay tout dòz vaksen yo. Bonjan planifikasyon pou evite gaspiyaj gen ladan konfime kantite egzak moun ki pou resevwa vaksen an nan yon popilasyon ki gen priyorite e ki disponib pou pran vaksen an anvan ou rale premye dòz la nan yon nouvo poban.

Tout founisè yo dwe kenbe chak jou yon lis moun kalifye ki sou "estennbay" pou fè yo konnen lè gen posibilite pran vaksen nan dènye moman. Kou founisè yo konnen gen plis dòz pase moun ki pou pran vaksen, yo dwe rele moun kalifye ki sou "estennbay" yo, oswa yo dwe pran lòt dispozisyon pou mennen plis moun ki kalifye nan enstalasyon an oswa nan klinik la anvan peryòd ki akseptab pou itilizasyon an ekspire. Sepandan, gen dwa gen lè poutèt move tan, anilasyon, oswa dòz anplis nan poban, kote gen dòz vaksen ki rete nan finisman jounen travay la oswa nan finisman yon klinik vaksinasyon epi pa gen pèsonn nan popilasyon ki gen priyorite a ki kapab vini anvan dòz la ekspire. (Lis "estennbay" yo dwe gen ladan yo moun ki kalifye pou premye ak dezyèm dòz.)

Lè sa yo e nan sikonstans sa yo **sèlman**, founisè yo gen otorizasyon NYSDOH pou yo bay lòt moun ki kalifye vaksen an anvan, e si pa gen moun ki kalifye ki kapab pran vaksen, pou yo vaksinen nenpòt ki granmoun ki dakò. Founisè yo dwe rapòte NYS DOH tout vaksen yo bay konfòmeman ak otorite sa a. Kòm egzanp, famasyen komèsyal yo ki nan sitiyasyon sa a ki te deja vaksinen popilasyon ki kalifye yo, tout moun ki wè ak piblik la nan depatman famasi an ak nan lis "estennbay" la kapab pase apre sa a vaksinasyon nenpòt ki lòt moun ki kalifye, olye pou yo kite dòz yo ekspire. Eksepsyon sa a se **SÈLMAN** nan objektif garanti vaksen an pa gaspiye e yo dwe rapòte NYSDOH sa.

Amezi Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Eta New York la ap ouvè pou plis popilasyon, nesosite pou eksepsyon sa a ta dwe diminye anpil. Si yo sèvi ak eksepsyon sa a, founisè yo dwe:

- Egzije pou tout moun k ap resevwa vaksen COVID-19 la ranpli [Fòmilè Vaksen COVID-19 Eta New York](#) la konfòmeman ak [Dekrè Egzekitif 202.86](#), jan yo te pwolonje li a.
- Note tout dòz vaksen yo bay nan NYSIS/CIR nan 24 èdtan apre yo bay li.
- Kenbe yon fèy suivi separe pou yo kapab dokimante klèman kantite vaksen yo itilize pou diferan gwoup, epitou kiyès yo bay li.
- Planifye yon dezyèm dòz nan moman y ap bay vaksen an.

Nan tout sikonstans, founisè yo dwe kontakte Depatman Sante lokal la pou konnen si gen moun ki kalifye yo kapab kontakte pou ba yo vaksen an anvan yo jete vaksen.

Fòmilè Vaksen Obligatwa:

Tout moun k ap pran vaksen COVID-19 la **dwe** ranpli [Fòmilè Vaksen COVID-19 Eta New York la](#) pou premye dòz la, epi ateste li kalifye pou li pran vaksen an. Konfòmeman ak [Dekrè Egzekitif 202.86](#) la, jan yo pwolonje li an, kabinè medikal, founisè, ak antite yo dwe konfime yo respekte kondisyon sa a nan moman y ap bay vaksen an.

Prèy Pwofesyon oswa Kalifikasyon:

Moun y ap bay vaksen yo **dwe** bay prèy yo kalifye.

Si yon moun kalifye poutèt travay li oswa sitiyasyon anplwa li, li dwe bay prèy l ap travay oswa li anplwaye **nan** Eta New York, kèlkeswa kote li rete a. Anplis de sa, si yon moun rete nan New York men li anplwaye oswa l ap travay nan yon lòt eta, moun sa a dwe montre prèy li se rezidan New York ak prèy travay oswa anplwa, kèlkeswa kote travay oswa anplwa sa a fèt.

Men kèk prèv travay oswa anplwa:

- kat idantite oswa badj anplwaye,
- yon lèt nan men yon patwon oswa yon òganizasyon afilye,
- souch chèk peman, dapre estati priyorite patikilye a, oswa
- montre prèv travay sou yon aplikasyon (paregzanp, Uber, Lyft, DoorDash, elatriye).

Si yon moun kalifye poutèt laj li, li dwe bay prèv laj li ak prèv li rete nan New York. Pou bay prèv li rete nan New York, yon moun dwe montre:

- Youn nan sa ki annapre yo: Kat idantite Eta a oswa gouvènman an bay; kat idantite konsilè (si se adrès New York ki afiche); deklarasyon mèt kay ou; resi lwaye oswa kontra anfèmaj; dosye prè ipotekè; oswa
- De nan sa ki annapre yo: Deklarasyon yon lòt moun bay; Kourye li resevwa pa lapòs dènyèman; Dosye lekòl.
- Pou laj, men prèv yo gen dwa bay:
 - Lisans chofè oswa kat idantite;
 - Batistè yon eta oswa yon gouvènman lokal bay;
 - Kat idantite konsilè;
 - Paspò ameriken ajou oswa paspò etranje valid;
 - Kat rezidans pèmanan;
 - Sètifika Natiralizasyon oswa Sitwayènte;
 - Polis asirans vi ki gen dat nesans; oswa
 - Papye maryaj ki gen dat nesans.

Kòm lòt opsyon, patwon yo oswa òganizasyon yo kapab bay yon lis manm pèsònèl ki respekte kondisyon kalifikasyon yo pou vaksinasyon. Pa vaksinen ankenn moun ki pa gen prèv pwofesyon li, laj li, oswa estati priyorite li, sa ki aplikab la, epitou prèv rezidans oswa anplwa. [Dekrè Egzekitif 202.86](#) la enpoze sanksyon monetè pou tout founisè ki vaksinen yon moun ki pa sètifye li kalifye oswa si founisè a konnen yon lòt jan moun lan pa fè pati yon gwoup ki gen priyorite.

Moun ki gen sèten pwoblèm sante kwonik oswa maladi ki akonpaye yo kalifye apati de 15 fevriye 2021.

Nan sit vaksinasyon Eta a ap opere yo, nenpòt nan prèv sa yo akseptab pou pwouve kalifikasyon:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen.

Depatman sante lokal yo gen otorizasyon pou detèmine ki fòm, oswa ki konbinezon fòm, nan opsyon prèv ki nan lis anwo a, obligatwa nan jiridiksyon yo a. Founisè yo dwe okouran sou politik LHD a pou prèv pwoblèm sante kwonik yo epi yo dwe egzije moun ki ap pran vaksen yo montre prèv ki konsistan avèk politik sa a.

Depatman Sante a pral fè odit sou respè otorite lokal pou sa ki anwo yo pou asire ke TOUT founisè yo konfòme yo avèk egzijans prèv yo nan jiridiksyon yo a.

[Fòmilè Vaksen COVID-19 Eta New York](#) ki obligatwa a gen ladan yon deklarasyon pèsònèl sou kalifikasyon pou vaksinasyon ak rezidans nan New York, ki dwe ranpli anvan vaksinasyon an.

Absans Danje nan Vaksen an:

Siveyans apre vaksinasyon se yon pati esansyèl nan pwogram vaksinasyon COVID-19 la. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ap pouse ak ankouraje tout moun k ap pran vaksen yo pou yo patisipe nan V-Safe, yon aplikasyon sou telefòn entelijan ki pral pèmèt moun ki pran vaksen antre sentòm yo nan kèk jou apre vaksinasyon an nan mesaj pa tèks. V-Safe ofri tou rapèl pou dezyèm dòz la ak suivi pa telefòn pou nenpòt moun ki rapòte efè negatif ki enpòtan nan pwendvi medikal. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou V-Safe nan <http://www.cdc.gov/vsafe>, sa gen ladan yon fèy enfòmasyon sou V-Safe. Tanpri enprime fèy enfòmasyon an epi bay chak moun k ap pran vaksen an li. Ou dwe rapòte efè negatif ki genyen apre vaksinasyon an nan Sistèm pou Rapòte Efè Negatif Vaksen an (Vaccine Adverse Events Reporting System, VAERS) nan info@VAERS.org oswa rele 1-800-822-7967.

Egalite:

Yo dwe mete tout travayè ki respekte kondisyon kalifikasyon yo, kèlkeswa tit fonksyon yo, kote yo ye oswa lòt estati. Paregzanp, nan yon lopital, pami travayè premye liy yo gen doktè, enfimyè otorize, enfimye oksilyè, oksilyè diplome, asistan pou swen pèsònèl, anplwaye menaj, sekretè-resepsyonis, anplwaye sèvis manje, ak lòt moun k ap travay nan menm etaj, sal, klinik oswa biwo epi ki gen kontak dirèk avèk pasyan COVID-19 dwe yo tout kalifye pou vaksinasyon menm lè.

Yo dwe fè efò pou sansibilize moun ki gen laj omwen 65 an yo nan tout kominote ak nan tout kad. Moun ki nan zòn ki gen endis frajilite sosyal wo pi frajil pa rapò ak COVID-19 e yo dwe fè yo konnen kijan yo kapab pran vaksen an.

Kijan pou kominike plan an:

Tanpri kominike tout pèsònèl la priyorite a klèman.

Enstriksyon sa yo an vigè apati de dat yo pibliye a jiskaske yo mete yo ajou, oswa NYSDOH pibliye lòt enstriksyon. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Depatman Sante Eta New York la, Biwo Vaksinasyon an (Bureau of Immunization) nan COVID19vaccine@health.ny.gov.

Enstriksyon pou Pwogram Vaksinasyon Eta New York la
Apendis A
Gwoup Priyoritè ki Kalifye pou Pran Vaksen yo

Nouvo Gwoup Priyoritè ki Kalifye pou 10yèm Semèn nan (apati de lendi 15 fevriye 2021)

Apati de dat 15 fevriye, moun ki gen pwoblèm sante kwonik yo ak lòt maladi ki akonpaye yo ap kalifye pou resevwa vaksen COVID-19. Lis la kapab chanje lèske gen nouvo prèv syantifik ki pibliye epi lè New York jwenn ak analize done adisyonèl ki espesifik ak eta a. Granmoun ki gen plis pase laj 16 ane ki gen pwoblèm ki annapre yo akòz plis risk maladi modere oswa grav oswa lanmò poutèt viris ki lakòz COVID-19 la ap kalifye:

- Kansè (ki ankou oswa ki nan remisyon, sa gen ladan kansè ki lye ak 11 septanm);
- Maladi ren kwonik;
- Maladi pilmonè, sa gen ladan men san li pa limite ak, maladi pilmonè obstriktiv kwonik (chronic obstructive pulmonary disease, COPD), opresyon (modere rive nan grav), fibwoz pilmonè, fibwoz sistik, ak maladi pilmonè ki lye ak 11 septanm;
- Andikap Entelekyèl ak Devlopman sa gen ladan Sendwòm Down;
- Pwoblèm kè, sa gen ladan pami lòt bagay ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, kadyomyopati, oswa ipètansyon (tansyon wo);
- Eta iminitè defisyan (sistèm iminitè fèb) sa gen ladan pami lòt bagay grèf ògàn solid oswa grèf san oswa mwèl zo, defisyans iminitè, VIH, itilizasyon kòtikostewoyid, itilizasyon lòt medikaman ki febli sistèm iminitè a, oswa lòt kòz;
- Gwosè Grav (endis mas kòporèl [body mass index, BMI] 40 kg/m²), Gwosè (BMI omwen 30 kg/m² men < 40 kg/m²);
- Gwosès;
- Anemi falsifòm oswa Talasemi;
- Dyabèt mellitus tip 1 oswa 2;
- Maladi vaskilè serebral (ki gen konsekans sou veso san yo ak san k ap antre nan sèvo a);
- Pwoblèm nè, sa gen ladan pami lòt bagay Maladi Alzheimer oswa demans; ak
- Maladi fwa.

Gwoup priyoritè ki kontinye kalifye:

- Travayè Sante yo
 - Pèsonèl lopital ki gen risk elve yo ak pèsonèl FQHC, ki gen ladan sant sikyatrik OMH yo.
 - Pèsonèl esansyèl swen sante oswa lòt pèsonèl ki gen risk elve ki antre an kontak ak rezidan/pasyan yo k ap travay nan LTCFs ak anviwònman kolektif alontèm yo, ki sipèvize pa OPWDD, OMH, OCFS ak OASAS, ak rezidan k ap viv nan sitiyoasyon kolektif, ki opere pa OPWDD, OMH, OCFS ak OASAS.
 - Pèsonèl founisè swen ijan.
 - Pèsonèl k ap bay vaksen COVID-19.
 - Tout travayè swen sante pou pasyan ekstèn/anbilatwa ki nan premye liy yo, ki gen risk elve, kèlkeswa laj yo, ki bay swen dirèk pou pasyan an pèsòn yo, oswa lòt pèsonèl ki nan yon pozisyon kote yo gen kontak dirèk ak pasyan yo (sa vle di, anplwaye akèy yo),
 - Sa gen ladan, pami lòt, moun ki travay nan kabinè medikal prive yo; kabinè medikal ki afilye ak lopital yo; klinik sante piblik yo; tout kalite kabinè medikal espesyalize yo; tout kalite kabinè dantè yo; travayè dyaliz yo; sant dyagnostik ak tretman yo; pwofesyonèl

terapi pou aktivite toulejou yo; pwofesyonèl terapi fizik yo; pwofesyonèl terapi pou langaj yo; moun k ap tire san nan venn ak moun kap travay ak san; travayè sante konpòtman; fanm saj ak doula; ak travayè sante ki se etidyan yo.

- Tout travayè sante piblik ki nan premye liy yo, ki gen risk elve ki gen kontak dirèk ak pasyan yo, sa gen ladan moun ki fè tès COVID-19 yo, sila yo k ap okipe echantiyon COVID-19 yo ak vaksinasyon COVID-19 yo.
- Founisè NYS EMS ki sètifye, ki gen ladan pami lòt Premye Sekouris Sètifye, Teknisyen Medikal pou Ijans, Teknisyen Medikal pou Ijans Avanse, Teknisyen Medikal pou Ijans –Swen Entansif, Paramedikal, Operatè Veyikil Anbilansye Ijans, oswa Asistan Anbilansye ki pa Sètifye.
- Kowonè Konte oswa Medsen Lejis, oswa anplwayè oswa kontraktiyèl ki ekspoze ak materyèl enfektye oswa likid kòporèl yo.
- Direktè finèb ki gen lisans, oswa pwopriyetè, operatè, anplwaye, oswa kontraktè yon konpayi finèb ki gen lisans epi ki anrejistre nan Eta New York, ki ekspoze a materyèl enfektye oswa likid kòporèl.
- Travayè ak oksilyè swen adomisil yo, travayè ospis yo, oksilyè swen pèsònèl yo, ak travayè swen pèsònèl pou konsomatè yo.
- Anplwaye ak rezidan nan mezon retrèt yo, nan sant swen enfimye espesyalize yo, ak nan sant swen pou granmoun yo.

- Rezidan New York ki gen laj omwen 65 an¹
- Premye Sekouris oswa Pèsònèl Soutyen pou Ajans Premye sekouris
 - Ensandi
 - Sèvis Ponpye Eta, ki gen ladan ponpye yo ak investigatè yo (pwofesyonèl ak volontè)
 - Sèvis Ponpye Lokal, ki gen ladan ajan ponpye yo ak investigatè yo (pwofesyonèl ak volontè)
 - Lapolis ak Envestigasyon yo
 - Lapolis Eta, ki gen ladan Twoupè yo
 - Lapolis Pak Eta (State Park Police), Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC), Gad Forestye yo
 - Lapolis SUNY
 - Biwo Cherif yo
 - Depatman Lapolis Konte yo ak Distri Lapolis yo
 - Depatman Lapolis Vil, Minisipalite, ak Vilaj yo
 - Transpò Komen lòt Depatman Lapolis Otorite Piblik yo
 - Envestigasyon sou Teren Eta a, gen ladan DMV, SCOC, Sant Jistis, DFS, IG, Taks, OCFS, SLA
 - Kominikasyon sou Sekirite Piblik
 - Pèsònèl Kominikasyon Ijans ak Pèsònèl PSAP, ki gen ladan operatè ak teknisyen yo
 - Lòt Pèsònèl Asèmante ak Pèsònèl Sivil
 - Ofisye Tribinal
 - Lòt Ofisye Lapolis oswa Ofisye Lapè
 - Pèsònèl Soutyen oswa Pèsònèl Sivil pou Nenpòt nan Sèvis, Ajans, oswa Etablisman ki anwo yo
- Etablisman Penitansye
 - Pèsònèl DOCCS Eta a, ki gen ladan gadyen prizon ak ofisye liberasyon sou kondisyon
 - Etablisman Koreksyonèl Lokal yo, ki gen ladan gadyen prizon yo

¹ Famasi yo ap vaksinen sèlman moun ki nan popilasyon sa a.

- Depatman pwobasyon lokal yo, ki gen ladan ofisye pwobasyon yo
- Etablisman Detansyon jivenil Eta ak Etablisman Reyabilitasyon yo
- Etablisman Detansyon jivenil Lokal ak Etablisman Reyabilitasyon yo
- Lekòl P-12 yo
 - Pwofesè oswa pèsònèl lekòl (piblik oswa ki pa piblik) oswa distri lekòl P-12 (ki gen ladan tout pwofesè yo, pwofesè ranplasan yo, pwofesè estajyè yo, administratè lekòl yo, adjwen ansèyman yo, ak pèsònèl soutyen yo ki gen ladan chofè otobis yo)
 - Kontraktè k ap travay nan yon lekòl (piblik oswa ki pa piblik) oswa yon distri lekòl P-12 (sa gen ladan chofè otobis ki sou kontra yo)
 - Gadri ki lisansye, anrejistre, apwouve oswa ki legalman egzante
- Pwofesè ak anseyan inivèsite an pèsòn yo
- Anplwaye oswa Pèsònèl Soutyen nan Anviwònman Gadri ki Lisansye, Anrejistre, Apwouve oswa ki Legalman Egzante
- Founisè Gadri ki Lisansye, Anrejistre, apwouve oswa ki legalman egzante
- Transpò Piblik
 - Anplwaye liy ayeryèn ak anplwaye ayewopò
 - Anplwaye tren pasaje
 - Anplwaye metwo ak anplwaye transpò piblik (sa vle di, MTA, LIRR, Metro North, NYC Transit, Upstate Transit)
 - Anplwaye bak pasaje
 - Anplwaye Otorite Pòtyè (Port Authority)
 - Anplwaye otobis piblik
- Travayè magazen manje ki ap rankontre piblik la, sa gen ladan boutik ak episri
- Moun ki nan prizon yo ki gen laj 65 ane ak plis oswa sila yo ki gen pwoblèm sante kwonik oswa pwoblèm ki akonpanye yo.
- Moun k ap viv nan yon refij pou sanzabri kote yo dwe pataje chanm pou dòmi, sal pou benyen oswa sal kote yo manje ak moun ak fanmi ki pa fè pati kay ou.
- Moun k ap travay (peye oswa ke yo pa peye) nan yon refij pou sanzabri kote chanm pou dòmi, sal pou benyen oswa sal kote yo manje ak moun ak fanmi ki pa fè pati menm kay la, nan yon pozisyon kote gen potansyèl pou gen entèraksyon ak rezidan refij yo.
- Anplwaye restoran,
- Travayè livrezon pou restoran yo, ak
- Chofè machin pou lwe, sa gen ladan chofè taksi, machin lokasyon, machin nwa, konpayi rezo transpò